

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitik ku cara pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc.59) métode déskriptif analitik nya éta métode anu miboga fungsi pikeun ngadéskripsikeun atawa méré gambaran ngeunaan hiji objék anu ditalungtik ngaliwatan data atawa sampel nu geus dikumpulkeun sakumaha ayana, henteu ngaliwatan analisis nyieun kacindekan anu lumaku pikeun umum.

Nurutkeun Sugiyono (2017: kc, 9), nétélakeun yén métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode nu dipaké pikeun nalungtik kaayaan objék nu alami, hartina yén panalungtik salaku instrumén konci dina panalungtikanana, téknik ngumpulkeun datana dilakukeun ku cara gabungan, tuluy analisisna miboga sipat induktif, jeung deui hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun kana ma'na ti batan *generalisasi*.

Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun tur nganalisis struktur carita jeung aspék kapribadian palaku nu aya dina carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah, kalawan ulikan strukturalisme jeung psikologi humanistik.

3.1 Desain Panalungtikan

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, désain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh di antarana ngawengku idéntifikasi masalah, nangtukeun masalah, tujuan panalungtikan, ngumpulkeun data, ngolah jeung nganalisis data, instrumén data, kacindekan, jeung nyusun laporan.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Téknik Panalungtikan

3.2.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, téknik anu digunakeun nyaéta téknik talaah pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2017: kc 224) yén téknik ngumpulkeun data nyaéta léngkah anu pang stratégisna dina panalungtikan, ku sabab udagan nu utama dina hiji panalungtikan nyaéta meunangkeun data.

Téknik talaah pustaka digunakeun lantaran dianggap strategis pikeun ngumpulkeun data jeung bahan-bahan panalungtikan. Carana nyaéta, panalungtik maca jeung nganalisis kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah kalawan gembleng.

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ku cara ngumpulkeun data struktural, data kapribadian unggal palaku utama, jeung ngumpulkeun data faktor-faktor nu mangaruhan kapribadian palaku nu aya dina kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah.

Pikeun ngarojong data dina ieu panalungtikan, panalungtik ogé maca jeung neuleuman buku-buku, katut data pustaka anu raket patalina jeung masalah anu ditalungtik, saperti buku tiori jeung artikel-artikel ngeunaan strukturalisme jeung psikologi humanistik sarta sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

3.2.2 Téknik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, téknik ngolah data nu digunakeun nyaéta téknik analisis. Éta téknik digunakeun pikeun ngaguar tur nyangking jawaban tina pasualan panalungtikan. Tahapan nu aya dina ieu téknik ngolah data, nyaéta:

- 1) téknik analisis struktural tiori Todorov;
- 2) téknik analisis kapribadian palaku ngangunakeun tiori psikologi humanistik Abraham Maslow;
- 3) téknik analisis faktor-faktor nu mangaruhan kana kapribadian palaku.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan minangka alat pikeun ngarojong dina ngumpulkeun data sangkan leuwih babari diolahna. Instrumén panalungtikan anu

dipaké dina ieu panalungtikan aya patalina nyaéta tabél cutatan jeung kartu data analisis, éta hal dipaké sangkan ngarojong kana proses ngumpulkeun jeung nganalisis data. Ieu di handap mangrupa gambaran instrumén panalungtikan nu digunakeun.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké dina ngumpulkeun data nyaéta buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan sarta cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.1

Struktur Aspék Sintaksis (Galur)

No	Judul Carpon	Galur	Kode Data (C/KU)
(1)	(2)	(3)	(4)

Keterangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) KU : Kode Urut Data

Tabél 3.2

Struktur Aspék Semantik (Téma, Palaku, Latar)

No	Judul Carpon	Téma		Palaku		Latar		
		Mayor	Minor	Utama	Tambahan	Tempat	Waktu	Sosial
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)

Tabél 3.3*Data Aspék Kapribadian Palaku Utama*

No	Judul Carpon	PF	PRA	PC	PP	PAD
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Katerangan:

- 1) PF : Pangabutuh Fisiologis
- 2) PRA : Pangabutuh Rasa Aman
- 3) PC : Pangabutuh Cinta (Mibanda jeung Dipibanda)
- 4) PP : Pangabutuh Pangajén (Harga Diri)
- 5) PAD : Pangabutuh Aktualisasi Diri

Tabél 3.4*Data Cutatan Faktor Kapribadian Palaku Utama*

No	Judul Carpon	Tokoh	Kapribadian	Faktor (Internal/Éksternal)	Cutatan Faktor	Kode Data (C/F/FI/FE/KU/KC/P)
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)

Katerangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) F : Faktor Kapribadian
- 3) FI : Faktor Internal
- 4) FÉ : Faktor Éksternal
- 5) KU : Kode Urut Data
- 6) KC : Kaca
- 7) P : Kode Paragraf

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Analisis Aspék Struktural

Kartu Analisis Aspék Struktural
Aspék Sintaksis (Téma)

Cutatan : *Kuring teu cicing. Nyampeurkeun bari ngasongkeun ijasah nu ditumpangan ku duit sarébu pérak. Jalma nu kumisan sagedé anjing téh melong heula ka kuring. Kuring nyéréngéh. Teu lila ijasah kuring geus dicap jeung ditandatangan.*

(CBBK/KU2/KC13)

Analisis : Téma mayor nu aya dina carpon “Beungeut-Beungeut Komérsil” nyaéta palaku Kuring anu nyogok pagawé sangkan ijasahna dilégalisir. Kapanggihna ieu téma katitén dina awal carita nepi ka ahir carita.

Gambar 3.1 Kartu Analisis Aspék Struktural

Keterangan:

- 1) C : Judul Carpon
- 2) KU : Kode Urutan Data
- 3) KC : Kode Kaca

2) Kartu Analisis Aspék Kapribadian Palaku Utama

**Kartu Analisis Aspék Kapribadian
Palaku Utama**

Kapribadian : Pangabutuh Rasa Aman

Cutatan : *“Berekah, di imah nu anyar mah teu réa gogoda. Pangpangna Rogoda nu bahaya nu datangna ti luareun imah, nyaéta ti tatangga”.*

(CRR/PRA/KU4/K59)

Analisis : Dumasar kutipan di luhur, pangabutuh rasa aman palaku Atam katémbong dina carita yén manéhna jeung kulawargana ngarasa bungah tur aman waktu pindah ka imah nu anyar. Atam teu kudu sieun gogoda jeung bahaya nu aya ti saluareun imahna, pang-pangna mah gogoda ti tatangga anu ceuk Atam bakal nganganggu kana katintriman rumah tanggana.

Gambar 3.2 Kartu Analisis Aspék Kapribadian**Katerangan:**

- 1) C : Judul Carpon
- 2) PF : Pangabutuh Fisiologis
- 3) PRA : Pangabutuh Rasa Aman
- 4) PMD : Pangabutuh kana Cinta (Mibanda jeung Dipibanda)
- 5) PP : Pangabutuh Pangajén (Harga Diri)
- 6) PAD : Pangabutuh Aktualisasi Diri
- 7) KU : Kode Urut Data
- 8) KC : Kaca

3) Kartu Analisis Faktor Kapribadian Palaku Utama

Kartu Analisis Faktor nu Mangaruhan Kapribadian Palaku Utama

Faktor Éksternal

Cutatan : *Panghasilan Mimin beuki undak. Parabot rumah tangga beuki peretek. Bisa ngancokeun duit keur ngiridit piimaheun, nu teu kasawang ku Atam mah.*

(CRR/FE/KU3/KC56/P3)

Analisis : Faktor éksternal nu mangaruhan Atam sieun ku pamajikanna téh lantaran, pamajaikanna (Mimin) boga gawé nu panghasilanna leuwih gedé ti Atam, malah bisa nyumponan kana pangabutuh rumah tangga. Ku kituna Atam sok ngarasa éra jeung sieun ka pamajikanana.

Gambar 3.3 Kartu Analisis Faktor nu Mangaruhan**Katerangan:**

- 1) C : Judul Carpon
- 2) FI : Faktor Internal
- 3) FÉ : Faktor Éksternal
- 4) KU : Kode Urutan Data
- 5) KC : Kode Kaca
- 6) P : Paragraf

3.4 Data jeung Sumber Data


3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta strukturalisme jeung aspék kapribadian palaku utama anu aya dina buku kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah. Anapon dina ieu panalungtikan téh nyaéta aya unsur struktural nu ngawengku aspék sintaksis (galur) jeung aspék semantik (téma, palaku, latar), unsur psikologi humanistik dumasar tingkatan kabutuhan manusa jeung faktor nu mangaruhan kapribadian palaku utamana.

3.4.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan téh aya dua, sumber data primér jeung sumber data sékundér. Sumber data primérna nyaéta buku kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah anu ngawengku 15 judul carpon di jerona, di antarana aya 1) *Beungeut-Beungeut Komérsil*, 2) *Sinom*, 3) *Pangabakti*, 4) *Sasalad di Lembur Kidang*, 5) *Runtut Raut*, 6) *Kapalidkeun ku Impian*, 7) *Kasus*, 8) *Eunteung Ajaib*, 9) *Sangkakala*, 10) *Hag*, 11) *Langit Béngras deui*, 12) *Om Héro*, 13) *Harénghéng di Cikalang*, 14) *Lain Lalaki Biasa*, 15) *Réportaseu Iblis*. Tina 15 judul carpon nu aya, panalungtik nyokot tujuh judul carpon pikeun sumber data panalungtikan, di antarana 1) *Beungeut-Beungeut Komérsil*, 2) *Sinom*, 3) *Pangabakti*, 4) *Runtut Raut*, 5) *Kapalidkeun ku Impian*, 6) *Hag*, 7) *Om Héro*. Éta tujuh judul carpon dipaké sumber data lantaran saluyu jeung tujuan dina ieu panalungtikan. Sedengkeun sumber data sékundérna mangrupa buku-buku matéri ogé jurnal-jurnal anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

3.4.2.1 Idéntitas Carpon



Gambar 3.4

Cover Buku Kumpulan Carpon Sangkakala

Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Sangkakala* karya Cécép Burdansyah. Ieu buku kumpulan carpon mangrupa buku nu dicitak kahiji jeung medal taun 2022 ku pamedal CV Silantang Akasa Cipta (Bandung), kalawan kandelna 140 kaca.

Ieu buku kumpulan carpon mangrupa karya sastra hasil tina kumpulan carpon-carpon karya Cécép Burdansyah nu di hijikeun tur dijadikeun salasihiji buku antologi carpon. Carpon-carpon anu dimuat dina ieu buku téh réréana kungsi midang dina majalah *Manglé*. Sésana midang dina tabloid *Galura*, tabloid *Kujang*, jeung rambatloka *ayobandung.com*. Saupama nilik kana titi mangsa midangna dina média, carpon pangheubeulna anu dimuat dina ieu buku téh nyaéta “Beungeut-Beungeut Komérsil” (majalah *Manglé* nomer 1033, taun 1986). Ari anu panganyarna carpon “Réportaseu Iblis” (rambatloka *ayobandung.com*, bulan Pébruari taun 2021). Tapi ari umumna mah carpon-carpon karya Cécép Burdansyah anu dimuatkeun dina ieu buku téh ditulis sabudeureun dasawarsa taun 1900-an. Matak teu anéh saupama dina kaayaan caritana anu loba ngagambarkeun kaayan jaman harita.

Buku kumpulan carpon nu munggaran karya Cécép Burdansyah nu judulna *Anak Jadah* medal taun 2001. Salian ti éta, réa kénéh carpon Cécép Burdansyah séjénna anu bacacar dina média, utamana dina majalah *Manglé*. Suapama nyindekel kana fakta mah, yén Cécép Burdansyah téh kaasup pangarang anu kaitung remen dileler hadiah sastra LBSS, tangtuna réa di antara éta carpon-carponna téh anu kawilang hadé ajénna, atawa copélna teu jajar pasar-jajar pasar teuing.

3.4.2.2 Biografi Singget Pangarang



(*Tribunnews.com*)

Gambar 3.5 Pangarang Cécép Burdansyah

Cécép Burdansyah, lahir di Ciwidey taun 1963. Salaku pangarang tur sastrawan Cécép remen nulis karya fiksi jeung non fiksi, boh dina basa Sunda jeung basa Indonesia. Kaitung aya opat kali carponna dilélér hadiah sastra LBSS. Dina widang jurnalistik kungsi dilélér hadiah Moh. Koerdi ti Paguyuban Pasundan taun 2004.

Cécép Burdansyah kungsi gawé di majalah *Manglé* taun 1987. Undur ti dinya, anjeunna kungsi jadi wartawan di sababaraha surat kabar. Di antarana di majalah *Tiras* jeung tabloid *Detak* di Jakarta. Taun 2019 jadi pinunjul harepan dina sayembara kritik sastra nu diayakeun ku Dewan Kesenian Jakarta (DKJ). Ayeuna anjeunna jadi jurnalis Tribun Network.

Carita pondokna anu dijudulan "Bilatung" dilélér Hadiah Sastra Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) taun 1990. Carpon séjénna anu kungsi dilélér hadiah

LBSS nyaéta "Tilu Potrét Jalma dina Albeum Kuring", "Nu Luncat tina Beus Maleman Taun Baru", jeung "Sangkakala". Buku kumpulan carponna, *Anak Jadah*, medal taun 2002, jeung nu anyar nyaéta buku kumpulan carpon *Sangkakala* medal taun 2022. Ayeuna anjeunna jadi jurnalis *Tribun Network* (Lugiena De dina Burdansyah, 2022: kc. 6).